



Pou Piblikasyon Imedya: 19/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REKÒ VWAYAJ CHAK JOU METWO MTA, METRO-NORTH AK LONG ISLAND RAIL ROAD NAN EPÒK PANDEMI AN KI ETABLI SEMÈN SA

Metwo yo te pote 3,601,554 pasaje, LIRR te pote 182,700 pasaje epi Metro-North te pote 162,100 pasaje

Rekò apeprè 1.2 milyon Nouyòkè te itilize metwo a atravè OMNY

50,000 [MetroCard komemoratif avèk edisyon limite](#) ki selebre 50yèm anivèsè Notorious B.I.G ap disponib nan kat estasyon metwo Brooklyn

Gouvènè Kathy Hochul avèk Otorite Transpò Metwopoliten an te anonse jodi a ke vwayaj nan metwo a nan mèkredi te depase 3.6 milyon, sa ki bat rekò presedan ki te etabli apèn nan jou anvan an nan 17 me, ki se 3.535 milyon. Anplis de sa, nan madi 17 me, rekò vwayaj nan epòk pandemi a te etabli sou Long Island Rail Road (LIRR) ak Metro-North Railroad kote Long Island Rail Road te gen rekò 182,700 vwayaj epi Metro-North te gen rekò 162,100 vwayaj. Chak nan figi sa yo depase rekò nan epòk pandemi an ki te etabli pandan plizyè semèn pase yo epi se pi wo nivo depi mas 2020. Sistèm metwo a te depase rekò ki te etabli nan 5 me a nan anviwon 90,000 vwayaj, LIRR te depase rekò ki te etabli nan 11 me nan plis pase 4,000 vwayaj epi Metro-North te depase rekò ki te etabli nan 10 me a nan plis pase 3,000 vwayaj. Jou rekò sa pou vwayaj yo vini apre New York City Transit te etabli yo rekò pandan epòk pandemi a pou vwayaj nan semèn travay avèk apeprè 24 milyon vwayaj ant lendi 9 me ak vandredi 13 me.

"Semèn sa, New York te atenn yon etap enpòtan nan vwayaj transpò piblik la, youn nan endikatè ki pi ankourajan ki montre retou nou apre COVID la nan bon wout la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sistèm transpò piblik yo se fòs vital New York epi nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou fè pasaje yo tounen, sa k ap ede nan rekiperyasyon ekonomik nou".

Yon kantite rekò pasaje yo ap pwofite OMNY la tou ak fleksibilite limit tarif yo. OMNY Metwo a te atenn yon rekò ki nan apeprè 1.2 milyon vwayaj nan mèkredi 18 me.

Vwayaj sou tou de chemen de fè yo ak metwo a pa te sispann kontinye ogmante pandan gwo konpayi yo te kòmanse fè anplwaye yo tounen nan biwo nan mwa mas la epi apre deplwaman yon seri pwogram pilòt sou tarif ki fèt pou ankouraje pasaje yo retounen nan transpò piblik nan rann tarif yo pi abòdab ak fleksib. Kat jou vwayaj ki pi wo nan epòk pandemi an nan metwo a, tout te anrejistre nan mwa me 2022 a, epi tou de chemen de fè yo te atenn nouvo somè nan vwayaj yo nan epòk pandemi an nan chak nan 3 semèn pase yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Tranpò Metwopolitèn an, Janno Lieber, te deklare, "Vwayaj rekò semèn sa nan chemen de fè transpò nou yo ak metwo a se apèn dènye prèv ke retou New York la alimante atravè transpò piblik. Nou angaje pou nou mennen pasaje yo tounen avèk nouvo OMNY 'Lucky 13' san limit chak semèn ak lòt opsyon rabè sou tarif, ansanm ak sèvis souvan, fyab epi nou pa ka tann pou nou resevwa plis Nouyòkè k ap tounen nan transpò piblik nan semèn ak mwa k ap vini yo".

Prezidan Transpò Komen Vil New York (New York City Transit) la, Richard Davey, te deklare, "Metwo a esansyèl pou fè Vil New York se plas dinamik ke li ye. Gwo kwasans nou wè nan vwayaj metwo a pandan mwa me a demontre ke Vil New York kontinye retou li, pasaje nou yo ap retounen nan sistèm metwo a, ki se fason ki pi bon ak pi adapte pou deplase nan vil la".

Prezidan Metwo Metro-North ak Prezidan Pwovizwa Long Island Rail Road lan, Catherine Rinaldi te deklare, "Mwen kontan anpil pou m wè Metro-North ak LIRR bat rekò ankò pou dezyèm semèn konsekitif. Vwayaj nan tren se mwayen ki pi rapid, pi fasil ak pi dirab pou deplase nan rejyon metwopoliten New York la, epi pandan n ap antre nan mwa ete yo, nou pa ka tann pou nou resevwa plis nan kliyan nou yo abò ankò".

Direktè Kliyan Otorite Transpò Metwopoliten an, Sarah Meyer, te deklare, "Rekò nan epòk pandemi sa pwouve pasaje yo ap reponn ak nouvo pwogram tarif nou yo nan retounen nan transpò piblik. Mwen espesyalman kontan wè nimewo rekò kliyan nou yo ki itilize OMNY nan metwo a pandan n ap kontinye ankouraje pasaje yo pou pwofite pwogram pilòt sou limit nan tarif "Lucky 13" la epi deplase".

Otorite a kontinye ofri pasaje yo nouvo pwomosyon sou tarif ki enteresan pandan l ap tounen pote pasaje yo nan transpò piblik. Pou ankouraje kliyan chemen de fè yo retounen, Metro-North ak Long Island Rail Road te vini ak pake rabè sou tarif yo ki gen ladan kòmansman yon nouvo tikè 20 vwayaj pou reflète orè travay ibrid yo. 20 vwayaj la ofri 20 pousan rabè sou tarif ki konparab ak tarif ale senp 20 pik lè yo achte l atravè MTA eTix oswa nan yon gichè epi valid pou 60 jou. Nan 28 fevriye, Otorite a te lanse yon pwogram pilòt sou limit tarif atravè sistèm peman tarif san kontak li a OMNY ki mete yon limit sou tarif metwo ak bis yo chak semèn. Pwogram pilòt sou limit tarif la gen ladan yon opsyon "Luck 13" kote, apati 13yèm vwayaj chak semèn, chak vwayaj sipleman nan metwo oswa bis yo gratis pou rès semèn sa.

Anplis de sa, semèn sa, New York City Transit pral selebre 50yèm anivèsè Notorious B.I.G avèk 50,000 MetroCard komemoratif avèk edisyon limite ki disponib nan kat

estasyon metwo Brooklyn. MetroCard ki gen yon pòtrè Notorious B.I.G nan do yo pral disponib pou achte apati 12:01 am nan samdi 21 me, sou baz se premye ki vini yo ke y ap sèvi an premye. Kat yo pral sèlman disponib nan distribitè otomatik yo ki aksepte tout fòm peman, sa gen ladan kredi, debi ak lajan kach nan estasyon anba yo nan Brooklyn Santral: Lafayette Av (C), Clinton-Washington Av(C), Clinton-Washington Av (G), ak Atlantic Av - Barclays Ctr (2, 3 4, 5, B, D, N, R, Q)

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418